

# Resansman 2020 an Ak Konfidansyalite

*Repons ou yo nan Resansman an an sekirite e pwoteje anba lwa federal. Yo ka sèvi ak repons ou yo sèlman pou fè estatistik — yo pa ka sèvi ak yo nan okenn fason kont ou. Daprè lalwa, tout repons ki bay nan Biwo Resansman Etazini moun ak biznis bay va rete koplètman konfidansyèl.*

## Reponn kesyon resansman 2020 an pou ranje lavni ou.

Reponn nan resansman ede kominote yo gen finansman yo bezwen epi ede biznis yo pran desizyon ki chita sou done ki fè ekonomi an grandi. Enpak done resansman yo sou lavi nou chak jou desizyon enfòmè enpòtan konsènan finansman sèvis ak enfrastrikti nan kominote ou, gen ladan swen sante, sant pou granmoun aje, travay, reprezantasyon politik, wout, lekòl ak business. Plis pase \$675 milya nan fon federal ale nan eta yo ak komnote lokal yo chak ane baze sou done resansman yo.



## Repons resansman ou yo an sekirite.

Lalwa egzije Biwo Resansman an pou pwoteje tout enfòmasyon pèsònèl nou kolekte epi kenbe li konfidansyèl. Biwo resansman an ka itilize repons ou sèlman pou pwodwi estatistik. An reyalyte, chak anplwaye Biwo Resansman an fè sèman pou pwoteje enfòmasyon pèsònèl ou pou lavi. Repons ou yo pa kapab itilize pou zafè lapolis oswa pou detèmine kalifikasyon pèsònèl ou pou avantaj gouvènman.

## Selon lalwa, yo pa ka sèvi ak repons ou yo kont ou.

Selon lalwa, okenn ajans gouvènman an oswa tribinal nan okenn fason, menm pa Biwo Federal Envestigasyon (FBI), Ajans Santral Entèlijans (CIA), Depatman Sekirite Enteryè (DHS), Imigrasyon Etazini ak Otorite Ladwàn (ICE) pa ka sèvi ak repons resansman ou yo kont ou. Lwa a egzije Biwo Resansman an kenbe enfòmasyon ou yo konfidansyèl epi itilize repons ou yo sèlman pou pwodwi estatistik.



**Lalwa klè — okenn enfòmasyon pèsònèl pap pataje. can be shared.**

Anba Tit 13 Kòd Etazini an, Biwo Resansman paka divilge okenn enfòmasyon ki idantifyab sou moun, tout yon kay oswa biznis, menmsi se yon ajans ki la pou fè respekte lalwa.

Lalwa di, enfòmasyon ki kolekte yo ka sèvi pou rezon estatistik sèlman e okenn lòt rezon.

Pou sipòte rechèch istorik, tit 44 kòd Etazini an pèmèt Achiv Nasyonal ak administrasyon dosye pou pibliye dosye resansman sèlman aprè 72 an.

Tout anplwaye Biwo Resansman an fè sèman pou pwoteje enfòmasyon pèsònèl ou pou lavi, e nenpòt vyolasyon ap trennen li avèk jiska \$250'000 penalite ak/oswa jiska 5 an prizon.

## Pa gen okenn eksepsyon.

Lalwa egzije Biwo Resansman an kenbe enfòmasyon tout moun konfidansyèl. Selon lalwa, okenn ajans gouvènman oswa tribunal pa ka sèvi ak repons ou yo kont ou nan okenn fason. Biwo Resansman an pap pataje repons moun bay ak otorite ajans inmigrasyon, ajans ki la pou fè respekte lalwa, oswa pèmèt yo sèvi ak enfòmasyon sa yo pou detèmine kalifikasyon pèsònèl ou pou avantaj gouvènman. Tit 13 fè li trè klè ke done yo kolekte yo kapab sèlman itilize pou rezon estatistik sèlman - nou paka pèmèt yo sèvi pou okenn lòt bagay, tankou otorite lalwa.

## Se chwa pa w: ou ka reponn an sekirite sou entènèt, lapòs, oswa telefòn.

Ou va gen opsyon reponn sou entènèt, lapòs, oswa telefòn. Moun ki pa reponn nan youn nan fason sa yo va resevwa vizit yon ajan resansman ki va kolekte enfòmasyon moun nan. Kèlkeswa jan ou reponn, lalwa pwoteje enfòmasyon pèsònèl ou.

## Repons ou bay sou entènèt yo ansekirite kont pirataj ak menas sou entènèt.

Biwo resansman an pran gwo prekosyon pou kenbe repons yo an sekirite. Tout done ki soumèt sou entènèt yo enkripte pou pwoteje vi prive, epi pwogram sekirite sou entènèt nou an satisfè nòm ki pi elve ak pi resan yo pou pwoteje enfòmasyon pèsònèl. Yon fwa yo resevwa done yo, yo pa rete sou entènèt. Soti nan moman biwo resansman an kolekte repons yo, priyorite nou ak obligasyon legal nou se kenbe yo an sekirite.

## Nou pran angajman pou konfidansyalite.

Nan Biwo Resansman Etazini, nou pran angajman tout bon pou kenbe repons ou yo konfidansyèl. Angajman sa a vle di ou ka bay repons ou yo an tout sekirite epi konnen yo pral sèvi pou bay yon pòtrè estatistik nasyon nou an ak kominote nou yo.

Aprann plis konsènan pwoteksyon done ak pwogram konfidansyalite Biwo Resansman an nan [www.census.gov/privacy](http://www.census.gov/privacy).



## Lalwa ki pwoteje enfòmasyon pèsònèl nan resansman te reziste a defi yo.

An 1982, Lakou Siprèm te konfime ke menm yo konfidansyèl e yo pa ka divilge yo atravè dekouvèt legal oswa lwa sou libète enfòmasyon (FOIA). An 2010, Depatman Lajistis Etazini te detèmine ke Patriot Act la pa mache sou lwa ki pwoteje konfidansyalite repons moun nan resansman yo. Okenn tribunal paka asiyen repons resansman yo.